

GEN CHANJMAN KI FÈT NAN MANYÈL POU MANM YO POU L KA GEN ENFÒMASYON AJOU LADAN L | CHANJMAN NAN TAN ATANT POU RANDEVOU SANTE MANTAL YO APATI 1YE JIYÈ 2025

Prensip pou Randevou Swen sante pou Konpòtman

Sèvi ak lis annapre a kòm yon **gid randevou pou limit nou yo sou konbyen tan w ka oblije tann apre w fin mande yon randevou ki gen rapò ak sante konpòtman:**

- Premye randevou nan yon etablisman oswa klinik ki pa entène moun: 10 jou ouvab
- Premye randevou ak yon pwofesyonèl swen sante mantal ki pa anplwaye oswa ki pa gen kontra avèk yon etablisman oswa klinik pou pasyan ki pa entène: 10 jou ouvab
- Vizit suivi apre yon vizit nan ijans (ER) oswa yon vizit pou pasyan ki entène pou pwoblèm sante mantal/abi dwòg: 5 jou ouvab
- vizit pou sante mantal ki pa ijan oubyen pou konsomasyon dwòg: 5 jou ouvab

Si w pa kapab pran yon randevou pou sante mantal nan tan atant ki mansyone pi wo a, ou menm, oswa moun ou chwazi a, ka voye yon plent anrapò ak aksè bay Plan MetroPlusHealth pa telefòn, nan 800.303.9626 (TTY: 711), epi pa ekri bay MetroPlusHealth Plan, 50 Water Street, 7th fl., New York, NY 10004, pou rezoud pwoblèm sa a.

Si nou pa ka jwenn yon founisè ki patisipe nan plan an ki ka trete pwoblèm sante mantal ou a, ou ka resevwa yon rekòmandasyon pou yon founisè kalifye ki pa nan rezo a ki ka fè sa.

Plent Anrapò ak Aksè ak Swen Sante pou Konpòtman

Si w pa ka pran yon randevou pou sante mantal epi si w voye yon plent sou aksè nan sante mantal, Plan MetroPlusHealth la dwe ba w non ak enfòmasyon pou w kontakte yon founisè ki ka trete pwoblèm sante mantal ou a. Plan MetroPlusHealth la dwe bay enfòmasyon sa a nan twa (3) jou ouvab apre l fin resevwa plent ou a.